

## КОНД ÆМА УИНДÆН МА НАМУС ÆМА ÆФСАРМÆ ДÆР ФÆГЪГЪÆУЙ!..

***Михаил ЛЕРМОНТОВ (1814-1841), поэт: «Царди тæккæ вазуггиндæр дзаманти хатгай тæккæ хумæтæгдæр адæймаги зæрди дæр райгуруй, уæди уæнгæ си нигулдæй ка лæудтæй, уæхæн зинги æстъæлфæн æма уæд равдесуй, раздæр æ фæсонæрхæги дæр ка нæ адтæй, уæд нур дæр æхуæдæг дæр зинтæй кæбæл æууæндуй, уæхæн æхсарæ, уæхæн намусгин гъуддæгутæ...»***

Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№39 (959) 2024 анзи 19 октябрь – кæфти мæйæ

Аргъ 1 туман

## НÆ ЦИТГИЙНАГ АДÆЙМÆГУТÆН ГЪÆУАМА КАДÆ КÆНУНГЪОН УÆН ФÆЛТÆРÆЙ-ФÆЛТÆРМÆ ДÆР!..



# «МÆ УОРС СÆРÆЙ УИН НИЛЛÆГ КОВУН, МÆ УАРЗОН ДЗИЛЛИТÆ!..»

**«...Уогæ ба цард дессаг куд нæй. Нур дæс анзей бæрцæ Галазти Æхсарбегæн, цума игурæн бæнттæ дæр некæд уидæ, уой хузæн иронхуати байзадæй. Иристони фиццаг Президентæн æ кой кæнун дæр нæбал уагъотонцæ, уæхæн лæг, цума зæнхи цъарæбæл æгириддæр некæд адтæй, уой хузæн. Æма уæхæн рæстæги ахид æрæфтуидæ мæ зæрди, еу курухон лæг нард финги уæлгъос куд загъта, е. Президенти бунатмæ 'й ку нæбал равзурстонцæ, республики нæуæг разамонæги хори æмбæрцæмæ ку исистонцæ, уæд сæмæ еци курухон еуварсæй фегъуста, уæдта син федар гъæлæсиуагæй загъта: «Тагъд ма кæнетæ, мæ хортæ, ралæудзæнæй уæхæн рæстæг, æма Иристони дзиллитæ Галазти Æхсарбеги цæрæнбони туæххæй лæугæй ковдзæнæнцæ».**

**Уотæ райдæдта нæ зундгонд публицист æма финсæг Æгъузарти Саукуй, кæддæр (2009 анзи) Галазти Хаджимурзи фурт Æхсарбеги туххæй ци уац ниффинста, уой... Æма 'й хумæтæги не 'римистан: Галазти Æхсарбеги ном нæ дзиллитæн цитгийнаг уодзæнæй, зæгъгæ, Саукуййи гъудимæ гæсгæ уой зæгъуйнаг ан, æма æцæгæйдæр уотæ ке æй, уой бавдесунæн нин абони хуарз равгæ ес. Нæ Иристони номдзуддæр лæгтæй еуей, ГАЛАЗТИ Хаджимурзи фурт Æхсарбеги райгурдбæл 15 октябри исæнхæст æй финддæс æма цуппаринсæй анзи (1929-2013). Æма мах нæхецæн ихæсбæл банимадтан æ рохс ном ин æримисун. Æма уой туххæй ба равзурстан Æгъузарти Саукуййи финст уац. Гъулæггагæн, Саукуй абони не 'хсæн нæбал æй, уомæ гæсгæ ба ин æ уац мухур кæнæн, уæд æй куд ниффинста, уотемæй.**

**Æ уæди сæргонд дæр ин нæ райййивтан, уомæн æма, еуемæй, арæзт адтæй Æхсарбегæн æхе загъдæй, иннемæй ба, абони 'й никки бæлвурддæрæй лæдæрæн æ еци загъди рæстадæ – Галазти Æхсарбег, куд æцæг ирон лæг, уотæ æргомзæрдæ уарзтæй æновуд адтæй нæ райгурæн Иристонбæл дæр æма нæ дзиллæбæл дæр, рæстуодæй хъазауат кодта сæ сæрбæлтау. Æма æ еци загъд: «Мæ уорс сæрæй уин ниллæг ковун, мæ уарзон дзиллитæ!..» нæ зæрдæбæл гъæуама дарæн, æ рохс ном ин цитгинæй имисæн, кадæ ин кæнæн... (Æрмæгутæ кæсетæ 3-5-аг фæрстæбæл).**

## НОМЕРÆН



## Æ БЕРÆ ФÆЛЛÆНТТÆЙ ИРИСТОНÆН АДТÆЙ ФАРНÆХÆССÆГ

Нæ газети абони номери мухур кæнæн æрмæгутæ, кæцитæ баст æнцæ Иристони советон доги размæ зингæ æхсæнадон æма паддзахадон архайæг, рохситауæг æма адæмон исфæлдистадæ æмбурдгæнæг **БАЙТИ Василийи фурт Гаппой** (Геуæргий) цардвæндаг æма исфæлдистадон архайди туххæй.

Уой æримисунæн равгитæ 'нцæ: еуемæй, æ райгурдбæл 5 сентябри ке исæнхæст æй финддæс æма авдинсæй анзи (1869-1939), иннемæй ба кæд æма бæрæг кæнæн Хетæгкати Къостай юбилей, уæд гъæуама нимади уа, Гаппой хæццæ æрдхуæрдтæ æма æмархайгутæ ке адтæнцæ, е дæр.

Раст зæгъгæй, советон доги Байти Гаппой кой ахиддæр кæниуонцæ айдагъдæр фауни хузи – Къостай исфæлдистадæ 'ртасгæй æма ин æй худтонцæ æ фуддæр знаг. Е нæ, фал ма ибæл исæвардтонцæ адæми уæйæгæнæг æма ибæл гадзирахаттæй рацæуæги ном дæр .

Уæхæн койтæ ба ибæл имистонцæ, советон хецаудзийнадæ æ зæрдæмæ нæ райсгæй, фæсарæнтæмæ ке рандæй, уомæ гæсгæ. Нур ба рабæрæг æй æцæгдзийнадæ. Нæ Фидибæсти нихмæ знаггадæдзийнадæй неци исаразта. Мадта Къостай знаг æма уомæн знаггадæгæнæг дæр æй бустæги дзæгъæли исхудтонцæ. Аци дууæ адæймаги, кæд се 'хсæн цидæр гъуддæгути фæдбæл буцæутæ æма карз дзубандитæ дæр рауайидæ, уæддæр фæццардæнцæ хæларæй æма уарзонæй.

Зундгонд куд æй, уотемæй Къостай «Ирон фæндур» фиццаг хатт мухури рауадзунбæл хъæбæр байархайдта Байти Гаппо. Фал Къостай æмдзæвгитæмæ еуæй-еу рауæнти редакцион æйййивддзийнæдтæ ке бахаста, е хъæбæр гъулæг адтæй Къостайæн æма имæ ци финстæг рарвиста, уоми ин фæккодта хъæбæр карз уайдзæфтæ. Еци финстæг дæр абони мухур кæнæн 7-аг фарсбæл.Уотемæй ба еци æйййивддзийнæдтæ агурдта уæди цензурæ æма сæ Гаппо ку нæ исæнхæст кодтайдæ, уæд, ка 'й зонуй, «Ирон фæндур» тагъд рохс нæма фæуундтайдæ. Фал уæддæр Гаппо хатир ракурдта Къостайæй æма бабæй дууæ æмбали бафедудтонцæ.

Байти Гаппой цардвæндаги æма исфæлдистадон хабæртти фæдбæл æрмæгутæ кæсетæ 6-7-аг фæрстæбæл.

*Алигьери ДАНТЕ (1265-1321), итайлаг поэт, политик: «Адæм ахиддæр фæннакæ кæнунцæ, рæстæг кæцирдæмæ ивулуй, ецирдæмæ. Утемæй ба нæ карни тæссонд бæлæгъæн æздахæн ес, кæцирдæмæ дæ фæндæуа, ецирдæмæ. Мадта уæд адæймаг уолæнти барæ æхе цæмæн бакæнуй, æ зунд æма æ зæрди кæнонтæмæ цæмæннæ нæ фегъосуй?..»*

## АДÆМИ УОДÆНЦОЙНÆН



### СÆРДИ ЦОНÆГЪ АРАЗÆ, ЗУМÆГИ – УÆРДУН!..

Аци фæдзæхст нæ рагфидтæлтæй байзадæй, æма нин абони дæр ма зундамонæнæн бæззуй – æнæмæнгæ æнхæсткæнуйнаг гъуддаг гъæуама рагацау исаразай. Æма еци загъдмæ гæсгæ æркæсуйнаг æй, нуртæккæ зуймон уавæрти архайунмæ цæйбæрцæбæл цæттæ 'нцæ цæрæнуатон-коммуналон къабæзтæ. Аци ахсгиаг фарстай фæдбæл æрæги сæрмагондæй дзубанди цудæй нæ республики Хецауади æмбурди.

Уоми цæрæнуатон-коммуналон хæдзаради, артаг æма энергетики министр **Тамати Майрæн** куд фегъосун кодта, утемæй донæфсесадæ æма донуадзæн объектти райарæзти тухххæй федералон программимити фæлгæти, 2024 анзи ведомствæ гъæуама бундоронæй исараза 10 объекти. Проект «Кæдзос дон»-и фæрци республики Алагири дондзæуæн нæуæг хæтæлтæ исæвæрунбæл куст (фиццаг кезуй) идарддæр цæуй – объект техникон æгъдауæй нуриуæнгæ цæттæ 'й 90 проценти.

Нæ регион паддзахадон программæ «Цæгат Кавкази федералон зилди райрæзт»-и ке архайуй, е фадуат равардта Алагири районы хуæнхон гъæути донуадзæн хæтæлтæ нæуугутæй байиевунæн. Разæнгардæй уобæл архайд цæуй поселоктæ Бурон, Садон, Галон, фæрсаг гъæутæ Уæллаг Згид æма Унали. Арæзтадон программæ гъæуама æнхæстгонд æрцæуа 2021-2025 æнзти.

Æмбурди ма æрдзубанди кодтонцæ, регионалон проект «Хуæрзвадуат горæттаг фалдзости исаразун» куд æнхæстгонд цæуй, уобæл. Тамати Майрæн фегъосун кодта, нуртæккæ 39 æхсæнадон бунатей куститæ ке фæцæнцæ 31 объекти, иннæ фæзуæтти ба идарддæр цæттæгонд цæунцæ. Зæгъæн, Дигорай Тогой-фурти гъæунги парк цæттæгонд цæуй, аци объект исуодзæнæй биййонтæн зæрдæмæдзæугæ фæлладуадзæн бунат. Проекти амунд куд ес, утемæй си уодзæнæй фестæгæйдзæугутæн нæдтæ, велонæдтæ, тренажертæ æма сувæллæнтти гъазæн фæзтæ. Иснæуæг си кæндзæнæнцæ рохситæ, фæззиндзæнæй си хуæдтолгитæн æрлæууæн бунат, æдасдзийнадæмæ цæстдарæг видеофæлгæсæнтæ, е 'нæнездзийнадæ гъигæдард кæмæн æй, районы еци цæргутæн дæр си уодзæнæй еугур уавæртæ.

– Цæгат Иристони æнхæстгонд цæунцæ берæ федералон æма регионалон программитæ. Æма етæ еугурæй дæр гъæуама арæзт æрцæуонцæ нисангонд æмгъудмæ бæрзонд хуæрзгъæдæдзийнади хæццæ, – загъта æмбурди кæронбæттæн республики Хецауади Сæрдар **Дзанайти Барис**.



Сергей МЕНЯЙЛО (галеуæрдигæй) æма ГОБЕТИ Ибрагим

## НÆ НАЦИОН ПОЛК БАРГЪОН КÆНУЙ ÆЦÆГ «ПЛИОНТÆЙ» – ÆХСАРГИН ÆМА НИФСГУН ÆФСÆДДОНТÆЙ

Тарскийи арæзт æрцудæй бадзурдон служби бон. Еци мадзали архайдтонцæ, Цæгат Иристони Сæргълæууæг **Сергей Меняйло**, нæ республики Сæргълæууæги æма Хецауади администрацийи разамонæг **Гобети Ибрагим**, бунæттон хецаудзийнади къабæзти минæвæрттæ. Адтæнцæ ма си, Уæрæсей гъæуайкæнуйнади министради хæццæ бадзурд бафинсун æма Плити Исси номбæл батальони исконди уогæй сæрмагонд æфсæддон операций архайун ке зæрди ес, етæ дæр. Уонæн сæ еугуремæн дæр аци мадзал цæмæдесаг рауадæй берæ цæмæйдæрти. Зæгъæн, базонгæ 'нцæ, 58-аг æфсадмæ ци тугъдон ефтонггæрзтæ ес, уони хæццæ. Арæзт син æрцудæй цæстуингæ равдиститæ, техникæ куд косуй, уой æма ма берæ æндæр аллихузон гъуддæгутæ. Мадта си адтæй æфсæддон хуæруйнагæй исахуадуни равгæ дæр – будуйрон уавæрти косæг хуæрæндони фæрци. Арæзт си æрцудæнцæ тохæнгарзæй æхсунæй еристæ дæр. Хуæздæр бæрæггæнæнтæ ке къохи бафтудæй, уонæн ба исаккаг кодтонцæ дипломтæ æма зæрдæбæлдарæн лæвæрттæ.

Полигони ма арæзт æрцудæй сæрмагонд пункт. Сæрмагонд тугъдон операций, Плити Исси номбæл полкки архайун кæ фæндуй барвæндонæй, уони бон адтæй тæккæ уоми сæ курдиадæ бадæттун æма сæхе ниффинсун.

Архайгути хæццæ зæрдæй-зæрдæмæ дзубанди кодта Сергей Меняйло. Куд загъта, утемæй, аци полк исаразунæн ес æхе рæуагæ:

– Гъуддаг уой медæгæ 'й, æма не 'мзæнхонтæ тугъдон операцимæ æрвист цæунцæ нæ бæсти алли рауæнтæй, æма уоми ба агорунцæ кæрæдзей, архайунцæ мах батальонти хæццæ байе унмæ. Уомæ гæсгæ ба мæхе бахадтон Уæрæсей Президентмæ, цæмæй нин барæ ратта сæрмагонд полк исаразунмæ. Æмзæнхонтæ кæрæдзей хæццæ еумæ ку уонцæ, уæд сæ архайд дæр æнтæстгиндæр уодзæнæй, фулдæр пайда хæсдзæнæй, сæ кæрæдземæ усхъæ бадард дæр æновуддæр уодзæнæй, уæдта нифс дæр тухгиндæр кæндзæнæй. Нæ фæсевæдæй еуетæ нуртæккæ ахурти 'нцæ Саратови, Молькини си кадæртæ сæхе цæттæ кæнунцæ механик-скъæрæг исунмæ, кадæртæ ба си исуодзæнæнцæ дзармадзанæй æхсгутæ. Ахур сæ ци командиртæ кæнунцæ, етæ си нерæнгæ арази 'нцæ сæ хуæрзæгъдаудзийнадæй, ахурмæ сæ разæнгарддзийнадæй.

Плити Исси номбæл батальони командир Гобети Ибрагим ба æ радзубандий куд баханхæ кодта, утемæй, Плити Исси номбæл полкмæ бацæун ке фæндуй, уонæн ес сæрмагонд æфсæддон операций нуртæккæ комкоммæ ка архайуй, уони хæццæ фембæлуни æма хабæрттæ бæлвурддæрæй базонуни равгæ. Уонæмæ ес тугъдон гъуддæгути устур фæлтæрддзийнадæ. Гобей-фурт ма куд загъта, утемæй полк æй кæрæй-кæронмæ æнтæстгинæй æ размæ æвæрд ихæстæ æнхæст кæнунгъон, ефтонггонд æй æнæгъæнæй дæр аллихузи тохæндзаумауæй дæр. Нæ республики Сæргълæууæг еугур хъауритæй дæр архайуй, цæмæй не 'фсæддонтæ гъæуагæ мацæмæй æййафонцæ, уой тухххæй.

### СТАНЬ ЗАЩИТНИКОМ ОТЕЧЕСТВА!..




## ЦАУТÆ ÆМА НИСАНТÆ

Национ проект «Минкъий æма астæуккаг хузи кустуæтти райрæзт»-мæ гæсгæ нæ республики 62 агропромышленнон кустуати райстонцæ æхцай фæрæзнитæ 132 миллион сомей бæрцæ. Еци фæрæзнитæ харзгонд æрцæуудзæнæнцæ фонсдарæн фермитæ арæзуни, техникæ æма ефтонггæрзтæ æлхæнуни, тиллæгæфснайæн бунæттæ арæзуни, цехтæ æма рæзи кустгæнæн гъуддæгутæбæл. Республики хæдзарæдти арæзт æрцæуудзæнæй 80 нæуæг косæн бунати. Еци еугур мадзæлтти фæрци дзæвгарæ фæффулдæр уодзæнæй гъæуунхæдзарадон продукций рауагъд.

* * *

**Еугуруæрæсеуон æзмæлд «Гъæдтæ багъæуай кæнун»-и архайгæй, Мæздæги районы цæргутæ нерæнгæ бал фæзуæтти ниссагътонцæ 500 æнгозæ бæласи. Аци арфиаг гъуддаги архайунцæ алли кари æма аллихузон дæсниадтæбæл хуæст адæймæгутæ, уони еу ба кæнуй уæхæн ихæс – сæ районæн, уæдта еумæйагæй райсгæй æрдзæн ести хузи агъаз фæуун. «Гъæдæ багъæуай кæнун»-и æзмæлд Мæздæги районы арæзт æрцæуй аллихатт дæр. Уотæ бабæй аци анз дæр. Еци æзмæлд адæми ахур кæнуй æрдзæмæ, гъæдæмæ бæрнондæр цæстæй кæсунбæл. Фондз анзей дæргъи æзмæлди архайгути нимæдзæ дзæвгарæ фæффулдæр æй. Е махæн æхцæуæн хабар æй», – зæгъунцæ гъæди хæдзаради косгутæ.**

**– Аци ахсгиаг куст ахедгæ фæрæзнæ 'й кæстæрти экологон гъомбæладæн дæр.**

**Етæ ци фæрæзнитæ бакосдзæнæнцæ, уонæй ба æлхæд æрцæуудзæнæй ахургæнæн киунугутæ – 260 миллион сомей аргъ, – зæгъуй республики ахуради министри хуæдæййевæг Мæхъити Людмилæ.**

* * *

«Гъæууон рауæнти æмхуæст райрæзт», зæгъгæ, программи фæрци 2025-2027 æнзти Цæгат Иристони 'рцæуудзæнæнцæ арæзт æма цалцæггонд аст ахсгиаг социалон объекти. Зæгъæн, станицæ Змейкаги фæззиндзæнæй культури Хæдзарæ, æма, 360 бунати кæми уодзæнæй, уæхæн скъолай азгъунститæ. Цæмæй ахурдзаутæн уа равгитæ скъоламæ æдасæй цæунæн, уой тухххæй ба æлхæд æрцæуудзæнæй дууæ сæрмагонд автобуси. Дигорай бундоронæй цалцæггонд æрцæуудзæнæнцæ сувæллæнтти 2-аг рæвдауæндони æма 2-аг скъолай азгъунститæ. Чиколай реабилитацион Центри азгъунст фæннæуæгдæр уодзæнæй. Аци гъæуи ма арæзт æрцæуудзæнæй физкультурондзæбæхгæнæн дууæ комплекси, айдæйевдæргонд фæууодзæнæй сæйраг гъæунги ка 'й, еци спортивон фæзуат.

* * *

**Портал «rabota.ru»-и фарстамæ гæсгæ, Уæрæсей цæргути 76 процентей фæндуй сæ кустæй уæгъдæ рæстæг ахурадæбæл харз кæнун, цуппæрæнхай ба цæттæ 'нцæ еци рæстæгæн сахат радех кæнунæн алли бон дæр, 40 процентей ба фæндуй алли бон дæр 2-3 сахатти ахур кæнун. Уой хæццæ ба 48 процентей фæндуй онлайн системæй ахур кæнун, иннетæ ба уарзунцæ киунуги хæццæ архайун.**

**Сæдæ анзей размæ (1924 анзи 24 октябри) арæзт æрцудæй Цæгат Иристони фиццаг облæстон партион конференци. Æвзурст си æрцудæй партий обком, æ секретарæй ба – Тæкъоти Симон.**

*ЦИБИРТИ Людвиг, историон наукити доктор, Хонсар Иристони раздæри Президент: «Галазти Æхсарбег, куд нæ хестæр æмбал, уотæ агъази къох æрбадарунмæ кæддæриддæр адтæй цæттæ. Еци агъаз уидæ ахедгæ... Иристон ин кæддæриддæр адтæй еу, нæ ’й дехтæ кодта Цæгат æма Хонсарбæл. Æ байвæрæнтæ æмхузон адтæнцæ дууæ республикемæн дæр...»*





# «МÆ УОРС СÆРÆЙ УИН НИЛЛÆГ КОВУН, МÆ УАРЗОН ДЗИЛЛИТÆ!..»



**ÆГЪУЗАРТИ Саукуй**
(1943-2013),
финсæг, публицист

***Ку зæгъæн, Галазти Æхсарбеги ном исцитгин кæнуни туххæй Æгъузарти Сакуййи финст уац хумæтæги нæ равзурстан. Еуемæй, Галази-фурти берæ агъазиау фæллæнттæ кæд æримисуни аккаг æнцæ, уæддæр уони кой нæ кæнуй – уотемæй дæр хуарз зундгонд æнцæ дзиллæн, фал æй æвдесуй куд хумæтæг адæймаг, кæцимæн алцæмæй дæр табуйагдæр æнцæ ирондзийнадæ, уоди кæдзосдзийнадæ, адæмæн хуарз фæуунмæ тундзундзийнадæ, рæстзæрдæй райгурæн Иристони сæрбæлтау хъазауатдзийнадæ...***

***Иннемæй ба, æ уаци райдайæни Саукуй раст баханхæ кодта уой дæр, æма цийфæнди ку уа, уæддæр Галази-фуртæн æма æ уодуæлдай фæллæнттæн аккаг цитгингонд цæудзæнæнцæ. Æма æвдесæнæн æрхаста, æ цуппаринсæй анзей фæдбæл æй куд барæвдудтонцæ, еци хабар. Уæд ин лæвæрд æрцудæй, кæддæр æхуæдæг ке иснисан кодта, еци майдан «Иристони намусæн». Нæ республики уæди Сæргълæууæг Мамсурати Таймураз ин зæрдиагæй райарфæ кодта. Æма æ арфи финстæги уотæ загъд адтæй:***

*«Хъæзар Æхсарбег Хаджимурзи фурт!*

*Арфæ дин кæнун дæ 80 анзи фæдбæл.*

*Дæ царди сæйраг гъуддаг кæддæриддæр адтæй æма ’й Иристони адæми хуарздзийнадæбæл косун. Кæддæриддæр адæми хæццæ ун, алли мадзæлттæ аразун, цæмæй алли бийнонтæ дæр цæронцæ фæрнæй. Етæ ’нцæ дæ архайди сæйраг бундортæ.*

*Ду дæ Иристон-Аланий фиццаг Президент. Еци кадгин ном дæбæл байзайдзæнæй æностæмæ.*

*Абони дæр ду кæнис устур æхсæнадон куст, архайис адæмти ’хсæн хæлардзийнадæ федардæр кæнунбæл, Кавкази берæнацион адæмти културæ æма монон традицитæ багъæуай кæнунбæл. Мæ зæрдæ дин зæгъуй федар æнæнездзийнадæ берæ æнзти дæргъи».*

Зæрдæй загъд дзурдтæ. Æ берæ хъиамæттæн ин аккаг аргъ ка кæнуй еци кæстæри арфæ.

* * *

Рæстæг, дан, дзæбæхгæнæг æй. Рæстæг дохтирæй уæлдай нæй. Маст дæр, рист дæр феронх уй. Уæдта рæстæги хæццæ адæймаги рæстдзийнадæ дæр бæрæг-бæлвурдæй разиннуй. Сугъзæрийнæ цийфæнди хъилмати буни ку никкæнай, уæддæр сугъзæрийнæй байзайдзæнæй. Æ цæхæр фиццагау æрттевдзæнæй. Зулун фесæфуй, раст ба байзайуй. Уотæ ’й царди æгъдау, рæстæги цуд. Абони уæхæн дзаман æркодта, æма Галазти Æхсарбеги хуарзи кой ахиддæр кæнунцæ. Адæми цæстæ уинагæ ’й. Алли гъуддаг дæр кæрæдзебæл рабарунцæ æма уæд æрцæуунцæ еу хатдзæгмæ: «Нæ, Хаджимурзи фурт лæгау лæг разиндтæй, еци фудæнзти Иристони разамонæг ку адтæй, уæд. Еуæрдигæй хъулгъай экстремистти æрбампурст, иннердигæй Хонсар Иристони геноцид. Кард æма топпæй кæми гъудæй, уоми дæр æма сабур дзурдæй дæр Галази-фурт Цæгат Кавкази разамонгутæй адтæй берæ курухондæр, берæ зундгиндæр, берæ лæмбунæгдæр. Æ дзурдмæ ин игъустонцæ, зундæй æй фарстонцæ».



ГАЛАЗТИ Æхсарбег æма МАМСУРАТИ Таймураз.

Галази-фурти туххæй ниффинстон очерк, æ кадæ хори уæнгæ ку хъæрттæй, еци рæстæги. Абони нæ боц хестæрæн арфæ кæнгæй, аци финсти испайда кодтон уомæй дæр æма ’й хæссун адæми тæрхонмæ. Нæ республики фиццаг Президентæн ба зæгъун:

– Нæ уæллæй ма берæ æнзти рæсугъд фингитæбæл фæббадæ! Хуцау дин дæ цардамонд берæ искæнæд. Дæ зундгин базургин дзурд Иристони макæд фесæфæд!

**ТАУРÆХЪГÆНÆГ ЗАГЪТА...**

## КÆЦÆЙ ÆНЦÆ ГАЛАЗТÆ?

*Галазти Æхсарбегæн уæлдай бæрзонд цæстиварди адтæнцæ æ фидтæлти царддвæндаги хабæрттæ. Уомæ гæсгæ Æгъузарти Саукуй дæр уонæн æ уаци хецæн хай радех кодта.*

Гецати Афæхъо æ киунугæ «Дигори коми муггæгти равзурд» ку цæттæ кодта, уæд фембалдæй Хæзнидони гъæуккаг зæронд ахургæнæг Боллоти Инали фурт Кудзигой хæццæ дæр æма ин е радзурдта:

– Дигоргоми Къумбулти гъæу æвæрд æй Донифарси гъæумæ хæстæг æ хонсар нигулæнæрдигæй, бæрзонди. Ес си рагон мæсуги ихæлддзæгтæ, циртдзæвæнтæ, уобæйттæ. Аци гъæумæ раги кæддæр æрбацудæй æд бийнонтæ Боллоти Есе Ассийæй. Цæрæнбунатæн æхецæн равзурста, уой фæсте Донифарси зилди Къумбулти гъæу ке исхудтонцæ, уой. Ами æ фурти хæццæ исаразта устур æма федар цæрæн хæдзарæ, æрцардæнцæ си бундоронæй. Еци хæдзарæ æма мæсуги ихæлддзæгтæ адæм хонунцæ «Боллоти цæрæнтæ». Сæ уæллæй еци рæстæги Багъати тегъæбæл цардæнцæ Хъайтти Хъаййи фурттæ: Гегки, Хачир, Тахъаз, Дæгуй, Саге æма Цъеу. Æма, дан, еци æнсувæртæ Боллоти хæдзарæ аразгæ ку фæууидтонцæ, уæд загътонцæ: «Дæлæ Къумбулти зæнхити Ассийæй æрбацæуæг Боллотæ хуæздæр зæнхитæ ахæссунцæ, хæдзæрттæ си аразунцæ æма мах ба æнæ зæнхæй байзайдзинан». Уоййадæбæл етæ дæр Боллоти уæллæй хæдзæрттæ аразун байдæдтонцæ æма си бундоронæй æрцардæнцæ. Уотемæй Къумбулти фиццаг ка æрцардæй, етæ адтæнцæ Боллотæ, Гегкитæ, Хачиртæ, Тахъазтæ, Дæгуйтæ, Сагетæ æма Цъеутæ. Боллотæ Къумбулти фæстагмæ нимæдзæй исберæ ’нцæ, тумугъ муггаг иссæнцæ. Адтæй сæмæ берæ хуарз фæсевæд, уони фæрци адтæнцæ æдас тухæгæнгутæй. Фæдеси хабар ку фегъусидæ, уæд сæдæ лæхъуæеней бæрцæй æрлæуууиуонцæ знаги нихмæ.

Еууæхæни, дан, еу æлдар е ’фсади хæццæ фæззиндтæй Донифарси зилди æма æрбунат кодта Къумбулти гъæуи бунмæ. Уæди рæстæги адтæй уæхæн фæткæ: æлдар гъæуама æхсæвæ рарвистайдæ нæуæг хунд киндзи хæццæ. Нæуæг хунд киндзæ ба адтæй Боллотæмæ æма æлдар уой ку фегъуста, уæд имæ æ тухæгæнгутæй еуей рарвиста, цæмæй имæ ’й æрхудтайдæ. Боллоти фæсевæд еци хабар ку фегъустонцæ, уæд цæттæй æрлæудтæнцæ еци æгадæ гъуддаг нæ бауадзунмæ. Фал син киндзи хецау загъта: «Мæхе бæрагæ ’й бауадзетæ». Æлдармæ рарвиста, цæмæй æхуæдæг иссудайдæ Боллоти хæдзарæмæ. Æлдар иссудæй æма хæдзари дуарæй куддæр бакастæй, уотæ ин хæдзари хецау фæрæтæй æ сæр ракъуæрдта. Уой фæсте ба, æлдари хæццæ ци адæм адтæй, уонæбæл Боллоти фæсевæд истухтæнцæ, фæхъхъæбæрдæр сæбæл æнцæ æма ма си уодæгасæй ка байзадæй, етæ ба ледзæги фæцæнцæ.

Уæдæй фæстæмæ, дан, хъалон æд киндзæ есуни фæткæ фехалдæй.

Уой фæсте бабæй Донифарси зилдмæ фæззиндтæй берæ æфсæдти хæццæ æндæр æлдар. Е ’рбацуди сæр ба адтæй раздæри æлдари кийнæ бахатун. Æрфусун æнцæ Бигъати цæрæнбунати. Сæхуæдтæ ба син аллибон дæр æвгарстонцæ сæ галтæй.

Еци гъуддаг Боллоти фæсевæдæн гъулæг куд нæ адтайдæ, сæ сæрмæ ’й хæсгæ дæр нæ кодтонцæ æма исфæндæ кодтонцæ æлдари рамарун. Фал син æ рамарун аци хатт нæбал бантæстæй, хъæмайæй ин æ уæраг фæццæф кодтонцæ. Æлдарæн уæди æгъдæуттæмæ гæсгæ æ рамаруни туххæй неци федгæ уидæ, фал цæфи туххæй ба устур хъалон гъæуама бафистайуонцæ. Боллотæн уойбæрцæ æфсæдти хæццæ истохун сæ бон не ’ссæй æма састи бунати байзадæнцæ. Райстонцæ си сæди бæрцæ биццеутæ æма кизгуттæ, сæ хæццæ сæ фæттардтонцæ. Кумæ, уой ба неке зонуй.

Æлдари тухæгæнгутæ Боллоти æригон фæсевæди уацари ку райстонцæ, сæ мулк син ку фæлластонцæ, уæд уой фæсте хъæбæр исмæгур æнцæ, сæ уасæ дзæвгарæ рæстæгути нæбал иссирдтонцæ. Фал нæуæгæй сæ хъаурæ, сæ хъиамæти фæрци сæхебæл исхуæстæнцæ, цæрунгъон бабæй иссæнцæ. Берæ хуарз лæгтæ сæмæ фæззиндтæй, нимæдзæй дæр исберæ ’нцæ. Исæнтæстæй сæмæ æхсæз æнсувæри: Галачи, Чихауи, Кебег, Мулук, Глаз-Глаз æма Тез. Уой фæсте æнсувæртæ сæ фидæй байурстонцæ, сæ нæмттæмæ гæсгæ муггæгтæ искодтонцæ æма Къумбулти гъæуи фæззиндтæнцæ Галачитæ, Чихауитæ, Кебегтæ, Мулукатæ, Глаз-Глазтæ, Тезтæ æма Боллотæ сæхуæдтæ.

4

**Советон Цæдеси Бæгъатæр, инæлар-лейтенант Билаонти Семени фурт Павели райгурдбæл 17 октябри исæнхæст æй фондз æма фондзинсæй анзи (1919-1996).**

*ГАЛАЗТИ Æхсарбег цæйбæрцæбæл хуæрзуод адтæй, уомæн æвдесæн æй, æ раздзæуæг адæймæгутæн куд бæрзонд аргъ кодта, е дæр. Зæгъæн, Хъæбæлоти Билари туххæй æ имисуйнæгти уотæ финста: «Æз мæнæ мæхуæдæг берæ цæбæлдæрти исахур дæн Биларбæл. Е æрдзæй адтæй хъæбæр зундгин æма дзурдарæхст, æгириддæр си неци иронх кодта, берæ фæууидта æма зудта, адæми хæццæ косунмæ*



# «МÆ УОРС СÆРÆЙ УИН НИЛЛÆГ КОВУН, МÆ УАРЗОН ДЗИЛЛИТÆ!..»

3

Къумбулти 1886 анзи æрфинсти бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ Боллотæй уæлдай цæрæг некебал адтæй. Уой агъоммæ фæллигъдæнцæ: Галачитæ – Кæсæгмæ, Озреки гъæумæ, Кебегтæ – Хути (Лескени) гъæумæ, Чихауитæ – Киристонгъæумæ, Мулукатæ – медхонхи Галиатмæ, Тезтæ – Ассимæ. Глазтæ кумæ фæллигъдæнцæ, уой абони цæргутæй неке зонуй. Боллоти хестæртæй сæ еуетæ дзорунцæ, Глазтæ, дан, фæллигъдæнцæ Æргинарæгмæ æма уоми сæ муггаг искодтонцæ Галазтæбæл.

## АВТОРÆЙ

### ЛÆГИ СÆР КУ БАГЪУДÆЙ

Иристони лæгæвзарæн бон ралæудзæнæй. Нæ бæстæн, нæ республикæн æвзардзинан Президент. Циуавæр гъæуама уа фиццаг ирон Президент? Зундæй – зундгин, æхсарæй – æхсаргин? Æнæмæнгæ. Дзуапп раттунмæ – арæхстгин, уодæй – кæдзос, зæрдæй – парахат? Гъо, æнæмæнгæ. Уæдта ма ци? Уæдта ма берæ цидæртæ. Фал цийфæнди хуæрзтæ ку фæннимайай адæймаги уодисконди, уæддæр гъæуама мæнæ аци дзурдтæ еугурей сæрæй финст уонцæ: «Æ зæнхæ, æ адæм æхецæй фулдæр ка уарзуй, уæхæн разамонæг».

Ес нæмæ уæхæн лæгтæ? Сæрустур дæр уомæй ан æма нæмæ ке ес. Иристон лæг гъæуагæ некæд адтæй æма нæ еци устур фидбилизæй Хуцау бахезæд, фал нæ уæддæр еу гъуддаг тухсун кæнуй: ке равзарæн? Кæмæн раттæн нæ гъæлæстæ? Ка нæ хуæздæр æрбамбурд кæндзæнæй, ка нæбæл хъæбæрдæр батухсдзæнæй?

Нимайун нæ Ири хуæздæрти æма цæмæдæр гæсгæ мæ цæстæ æрæвардтон Галазти Æхсарбегбæл. Уогæ ба ибæл æ цæстæнгас ка нæма æрæвардта, уæхæн нæбал байзадæй. Ка ин æ хуарзи кой кæнуй, ка ба ’й нæ уарзуй. Æвæдзи, устур лæгæн æмзæрдæ лимæнтæ цæйбæрцæ фæууй, е ’знæгтæ дæр уойбæрцæ исунцæ. Бунат ку ахæссай, æнæгъæнæ республики сæрбæл дзуапп ку дæттай, уæд, еугурей зæрдæмæ ка цæуа, уæхæн лæг зин иссерæн æй. Æма Галазти профессорæн е знаги хай исæфт макæд уæд, фал ибæл рæстуодæй уæлахез кæнæд.

Æрæги Абхазæй еу журналисти хæццæ исæмбалдтæн æма мин е уотæ загъта: «Еу Хуцау нæ исафта, иннæ Хуцау ба нин Владислав Ардзинби равардта». «Æма ин æ фудкоййæй уæлдай ку неци кæнунцæ, уæд дæмæ куд бæрзонд æвæрд æй?», – фæйййарæхстæн имæ æз. Е дзуапп равардта: «Æ адæми фурт æй, æ адæми æцæг фурт ка уа, уомæн ба знæгтæ æнæ уæн нæййес».

Ес знæгтæ Галазти Хаджимурзи хестæр фуртæн дæр. Раст знæгтæ æма зулун знæгтæ. Медæггаг знæгтæ æма æндагон знæгтæ. Фал имæ еу дессаги зæрдихатт ес: æхуæдæг знаги цæстæй некæмæ кæсуй – хатиргæнагæ ’й. Уотæ ке æй, уой туххæй уин фæстæдæр зæгъдзæнæн, нур ба уин еу гъуддаг раргом кæнон.

Æрæги мæмæ Галазти Æхсарбеги къохфинст æрбахаудтæй. Киунугæ финсуй æ царди надбæл æма си цалдæр сæргонди бакастæн. Нуриуæнгæ ’й зудтон ахургондæй, нæ университети ректорæй, уой размæ – ахуради министрæй, абони – республики Сæйраг Совети сæрдарæй. Ахургæнæг æма æхсæнадон косæг, ахургонд æма политик. Фал куд адæймаг, уотæ цæмæй ресуй, цæмæй гъæрзуй, æнæхуссæг æхсæвтæ цæй туххæй рарветуй, уой цума беретæ зонунцæ?

Æз сæ нæ зудтон, æз сæ нур базудтон æма мæ зæрдæмæ цидæр рохс æрбакалдæй, цидæр нифси базуртæ мæбæл базадæй æма загътон: «Нæ, айдагъ æхе зундæн ка цæруй, айдагъ – æхе мæтæ ка кæнуй, уонæй нæй. Æ адæми мæстæй æ сæр кæмæн исуорс æй, адæми лæг, адæми хъæболæ ка ’й, уæхæнæй ку баскъуæлхтæй, уæд æй кадæртæ азуймаг цæмæн кæнунцæ? Соцъайæй, хицæй? Æви рæстæй?..»

Дзубанди идæрдтæбæл цæуй, фал мæн хъæбæр фæндуй, цæмæй Æхсарбеги сагъæстæ, Æхсарбеги медхъурдохæнтæ сумах зæрдитæмæ дæр куд бахъæртонцæ, е. Æз сæ мæхердигонау нивæндун, Æхсарбегæй ба хатир корун, æнæ бафæрсгæй ин æ уоди рæбунтæмæ ке бавналдтон, уой туххæй.

## ÆХСАРБЕГИ МОНОЛОГ

### КУД ЗИН ÆЙ СЕДЗÆРÆЙ ЦÆРУН!..

Мæ фидæ!

Еунæгæй ку байзайун, уæд цума уотæ ахид цæмæн фæдздзорун дæ хæццæ? Дæ сорæт мæ цæстити разæй тæрун нæбал фæккомуй, дæ мæтæйдзаг цæсгон мæ фæдбæл ауuонау фæззелуй. Нур æз лæг дæн. Аци рохс дуйнейæй ку рандæ дæ, уæд дæбæл æвддæс æма инсæй анзи цудæй, мæнæн ба ме ’ртинсæй анзи мæхе фæцæнцæ, дæуæй фондз æма инсæй анзи хестæр дæн. Берæ рацардтæн, берæ фæууидтон, фал мин ду ме ’взонг уоди ци нифс бауагътай, е рамæлæтмæ дæр мæ хæццæ цæргæй байзайдзæнæй. Гъуди ба дæ кæнун уотемæй: æз, фарастанздзуд, нæ еугурей кæстæр Эльбрус дзедзедай, уотемæй дæмæ нæ мади хæццæ Хумæллæгæй иссудан сахари ахæстдонæмæ. Игон – æгæрццæй догъ кодтан æ фæсте, æз, Юрæ, нæ еунæг хуæрæ Риммæ… Фæстаг фембæлд. Мæ гъости азæлунцæ дæ дзурдтæ: «Мæ фурттæ ку ралæгтæ уонцæ, уæд син зæгъæ, æз фудгин нецæмæй адтæн, раст лæгæй фæццардтæн, адæми уарзтон. Зæгъæ син уотæ, уæдта дин фæдзæхсун: æнахурæй сæ ма ниууадзæ, цийфæндийæй дæр сæ царди надбæл исаразæ, – фæгъгъос дæ, мæн æрдæмæ æрбакастæ:

– Æхсар, нур лæги бундзæфхад дæ, кæстæрти кеун ма бауадзæ. Уæдта мин мæ маст райсæ. Мæн рæстуодæй ка бафхуардта, уомæн ма ниххатир кæнæ!..

Мæ зæрди уедæгтæбæл тæлфунцæ абони дæр еци дзурдтæ.

Æрмæст дæ рази еу гъуддагæй къæндзæстуг дæн: дæ маст дин нæ райстон. Зудтон мæ тоггинти, зудтон, мах седзæртæй, æнæ фидæй ке фудæй райзадан, фал сæмæ мæ къох нæ исистон.

Нæй мæ бон ескæмæй маст есун, мæ фидæ, æма ци бакæнон? Е нæ, фал фæстæдæр, институт каст ку фæдтæн æма нæ гъæуи ахургæнæгæй косун ку райдæдтон, уæд ма син сæ цæуæти ахур дæр кодтон, зунд син амудтон. Хуцау син ма ниххатир кæнæд, æндæр мæ бон неци зæгъун æй.

Фал дæ фæдбæл кæугæй, мæ ростæбæл ци цæстисугтæ фæттулдæй, етæ ма мæ абони дæр содзунцæ. Уой фæсте дæр ма берæ фæккудтæн. Бæгъæнбадæй, цит, Туацъай будурти уæззау къæпейæй æвзартæ ку æхсастон стонгæй, уæддæр. Гъæдæй галуæрдунæй сог ку ластон, уæддæр. Фæстæдæр, лæгтæй мæ хуарз лимæнтæ еугай-дугай се ’носон бунæттæмæ ку нæхстæр кодтонцæ, уæддæр. Еци содзгæ цæстисугти адæ некæдбал бавзурстон.

Мæ фидæ! Нур æз мæхуæдæг мæ карæмæ гæсгæ фидæн бæззун дæуæн æма абони уæнгæ дæ ном нæ фегадæ кодтон. Кæддæр мæмæ Дигоргоми иуазæгуати уогæй, еу рацæргæ лæг комкоммæ ’рбацудæй æма мæ бафарста: «Хуцауи хатир бакæнæ, фал ду Галазти Хаджимурзи цæруйнаг нæ дæ?» Æ хъури мæ ракодта, уæдта загъта: «Дæ фидæ коми аргъ лæг адтæй, æ хуæрзтæ беретæбæл байзадæнцæ, исафгæ дæр æй уой туххæй фæккодтонцæ æма ин æ ном дæлæмæ макæд æруадзæ».

Некæд æй æруагъæтон, фал седзæрæй куд зин æй, уой ку зонисæ, мæ фидæ! Хъæбæр зин… Мæ зæрдæбæл ма хуарз лæуул, кæддæр Хумæллæги клуби сценæбæл пьесæ æвдистан, æз ба гъæзтон Тлаттати Чермени роли. Æ фиди хæццæ кæми исæмбалдæй Чермен, æ содзгæ рист дзорун кæми райдæдта, раст еци рæстæг залæй Кокайти Саламгерий мадæ ’рбадзурдта: «Хуарз æй зонис, мæ къона Æхсар, седзæр мæгур æй, дæхебæл æй бавзурстай æма уомæн нæрсуй дæ зæрдæ».



ХЪÆБÆЛОТИ Билар æма ГАЛАЗТИ Æхсарбег.

*имæ адтæй устур фæлтæрддзийнадæ. Мæхуæдæг æвдесæн адтæн Гурдзий, Дагестани, Кæсæги Стъараполи крайи разамонгутæ Мжаванадзе, Даниялов, Мальбахов æма ин Кулаков куд устур аргъ кодтонцæ, уомæн, игъустонцæ имæ, æ фарсмæ 'рбалæууиуонцæ... Æз уотæ зæгъдзæнæн: æз арфиаг дæн карнæй, мæ надбæл уæхæн устур лæгбæл ке исæмбалдтæн, уой туххæй...»*




ГАЛАЗТИ Æхсарбегæн алкæддæр ахсгиаг адтæй адæми хæццæ унаффæ кæнун.


ГАЛАЗТИ Æхсарбег æма ЦИБИРТИ Людвиг.

Гъо, седзæр мæгур æй, фал нæ уодфедар фæразон мадæ Уолицкæ мах мæгурæй нæ ниууагъта, æ коми комидзæгтæй нæ фæххаста, нæ цуппаремæн дæр уæлдæр ахурадæ райсун кодта, раст надбæл нæ исараста. Цидæриддæр ин бафæдзахстай, уони уæлдайгинтæй исæнхæст кодта.

Иристони арвбæл нæ ниххустæй де 'стъалу, мæ фидæ. Дæ ном рæстæй байзадæй, дæ кадæ дин дæ цæуæт, уони цæуæт фæккеун нæ бауагътонцæ.

Редакцийæй: Æгъузарти Саукуйи финст уацмæ æйийвддзийнадтæ хæссуйнаг нæ ан, фал, æвæдзи, цубурæй зæгъун гъæуй уой, æма Æхсарбеги фидæ Хаджимурзæ адтæй советон цардарæзти сæрбæлтау æновуддæр архайгутæй еу. Æ рæстæги Рахесфарси райони куста хецуадзийнади берæ бæрнон бунæти, æ фæрци берæ зæрдæмæдзæугæ æйийвддзинæдтæ арæзт æрцудæй ами гъæути. Адæм си бæргæ боз адтæнцæ, фал ин разиндтæй æдзæстуарзонтæ дæр, æма уони фудцъухæй ба евгъуд æноси 30-аг æнзти репрессити рæстæги ахæст æрцудæй æма уотемæй бастъалдæй... Фæстæдæр æй бæргæ исраст кодтонцæ, фал..

### ÆХСАРБЕГИ МОНОЛОГ

## ХУМÆЛЛÆГИ УÆЛМÆРДТИ

Хуцау мæ бустæги нæ ралгъиста, æнамонд нæ раиндтæн. Кæд мæ фидæ Сибири уазал дортæбæл æ уод исиста, уæддæр нæ мадæй ба мæ зæруи бонти уæнгæ зудтон рæвдуд, алкæддæр ин мæхебæл æвзурстон æ зæрди гъар, æ уозæлд, е 'нæкæрон уарзт. Зæнæги хестæр, мæнмæ фулдæр хаудтæй, æз адтæн æ рахес цонг. Æма устур надбæл ку нæхстæр кодтон, уæд мæ æ реумæ æрбалхъивта æма загъта:

«Биццеу, дæ кæрдзин æма цæнхæ еунæгæй макæд бахуæрæ. Адæми уарзæ æма дæ етæ дæр уарздзæнæнцæ. Уæдта дæ фидæ хуарз лæг адтæй æма мæнмæ ескæд сахарæй Хумæллæгмæ дæ лæгъузи хабар ку æригъуса, уæд мæхе нийийауиндздзæнæн. Игъосис мæ, биццеу?»

Мади фæдзæхст абони дæр мæ царди сæйраг нисан æй, еци фæдзæхст мæ хонуй размæ. Архайун мæ адæмæн ести хуарзи бацæунбæл æма мин кæд мæ зæрди фæндон не 'нтæсуй, уæддæр фæстагдæр байзайунмæ мæ сæрмæ не 'рхæсдзæнæн.

Мади фæдзæхст царди нисан æй æма цалинмæ цæрон, цалинмæ цæстæй уинон, уæдмæ уарздзæнæн мæ еузæрдиуон адæми, дæллаг галау лæггадæ кæндзæнæн.

Фал мæбæл уæззау сахат ку ралæууй, аци дуйне мин галдзари асæ дæр ку нæбал фæууй, уæд хуæдтолги рабадун æма Хумæллæгмæ, уæлмæрдтæмæ, мæ мади циртмæ. Мæ уорс сæр уазал дорбæл нивваæрун, уæлзæнхæй дæлзæнхæмæ нидæн дзорæ фæккæнун. «Ци кæнис, мæ хъæболæ, хузи цъирт ди ку нæбал ес?» – бафæрсуй мæ мади гъæлæс. «Зин æй, Дацци, цæрун, бафæлладтæн». «Æма мæнæн æнцондæр адтæй? Дæ фидæ – Сибири амæттаг, æз еунæгæй цуппар æнагъон сабийи хæццæ. Будурæй ку 'рбаздæхинæ, мæ рони уин дзоли къæбæр ку 'рбахæссинæ, уой цуппар дехи ку ракæнинæ, сумах куд зудæй хуардтайтæ, уомæ кæсгæй зæрдæскъуд куд нæ фæдтæн. Уæд æз куд фæразтон, биццеу?» «Уæд æндæр рæстæг адтæй, нур ба адæм кæрæдзей нæбал лæдæрунцæ, кæрæдземæ топпи кæсæнæй кæсунцæ». «Ду макæмæ кæсæ топпи кæсæнæй, биццеу. Дæ фидæ дæр, цит, дууæ тоггини бафедаун кæнидæ. Дæумæ дæр еци хъаурæ фæззиннæд. Гъæддух дзубанди ма кæнæ, сабур дзубандимæ ба хелагæ дæр ку игъосуй. Байгъосдзæнæнцæ дæумæ дæр. Федудæй хуæздæр неци ес зæнхæбæл». «Гъо, неци ес, арази дæн дæ хæццæ». «Цидæр зæгъун ма дæ фæндуй, биццеу?» «Гъо, фæндуй... Дацци, мæнæн дæр мæ хорнигулæнмæ фæкъкъолæ 'й. Уæлæбæл дæр царди фулдæр хай Бабумæ фенгъæлмæ кастæ, æ мæлæт ди æруагæс дæр нæ кодта. Нур дæр еунæг дæ, дæ фарсмæ нæй. Дуæ æлгъисти дæбæл æрцудæй. Фал æз уæлæбæл ме 'хæс ку бафедон, уæд мæ дæ размæ гъæуй. Биццеутæн загътон, Аланæн дæр, Асланæн дæр. Зæгъун, уæ фæлмæн къох нанай размæ мæ байвæрдзинайтæ. Еумæ ку уæн, уæд дæуæн дæр æнцондæр уодзæнæй...» «Цитæ дзорис, биццеу, бустæги ку æрлæмæгъ дæ. Цо мæ разæй. Уæлæ дæ адæммæ искæсæ, сæ рист зæрдитæ син барохс кæнæ. Мæ размæ ба ма тагъд кæнæ. Дæ дзиллити, дæ хъæболти хъæболти хортæй ку бафсæдай, уæд... рацо. Сæдæ анзей фæсте рацо. Нуртæккæ нæ – дæ адæми гъæуис...»

Фæдздзубанди кæнæн æма Ходони, мæ Дацций цирти разæй, мæ тухæбæл тухæ бафтуйуй, мади гъæлæс мæ фæстæмæ нæ дзиллитæмæ раздахуй æма фæззæгъун: «Ходуйнаг дæ сæрмæ ма 'рхæссæ. Хъисмæт дин ци устур фæлварæн исаккаг кодта, уой кæронмæ фæхххæссæ. Тог никкалун мабал бауадзæ, Ири дзиллити фудæнгъæл ма фæккæнæ!»

### АВТОРÆЙ

## ИРИСТОНИ АРВБÆЛ ИРД СОДЗУЙ Е 'СТЪАЛУ

Рæстæг догъон бæхæй уæлдай нæй. Æ размæ цудæн бауорамæн нæйес. Галазти Æхсарбег Президент ци æнзти адтæй, еци æнзтæ байзадæнцæ историй. Историй байзадæй уæхæн финст дæр: «Цæгат Иристон-Аланий фиццаг Президент адтæй Галазти Хаджимурзи фурт Æхсарбег».

Уæззау рæстæг æрхаудтæй Æхсарбегмæ. Нæуæг цардæ æнæтæрегъæд уолæнтæ 'й фæххуастонцæ, тугътитæ, карз буцæутæ 'й исфæлтардтонцæ, адæми цирагъдарæй байзадæй кæронмæ дæр, лæгау лæгæй фæххаттæй æ адæмæн фиййауæй æма Иристони арвбæл ци ирддæр стъалу содзуй, е æй Галазти Хаджимурзи фурт Æхсарбеги стъалу.

### ЦАРДВÆНДАГ

## УОДУÆЛДАЙÆЙ ХЪИАМÆТ КОДТА ИРИСТОНИ СÆРБÆЛТАУ







Галазти Хаджимурзи фурт Æхсарбег райгурдæй 1929 анзи 15 октябри Рахесфарси райони Хумæллæги гъæуи. 1952 анзи каст фæцæй Цæгат Иристони паддзахадон педагогон институт. Уой фæсте æхсæз анзей дæргъи куста Хумæллæги астæуккаг скъолай уруссаг æвзаг æма литератури ахургæнæгæй, фæстæдæр æй иснисан кодтонцæ скъолай завучæй. Æригон ахургæнæги 1958 анзи ба косунмæ æрбахудтонцæ Цæгат Иристони рохсади министрадæмæ æма 'й иснисан кодтонцæ скъолати инспекторæй. Фæстæдæр, 1959-1960 æнзти Галази-фурт адтæй ахургæнгути дæснидзийнадæ уæлдæр кæнуни Институти директор. 1961 анзи нисангонд æрцудæй Цæгат Иристони АССР-и ахуради министрæй, 1976 анзи ба – Цæгат Иристони паддзахадон университети ректорæй. Еци бунати Галази-фурт бакуста цуппæрдæс анземæй фулдæр, коллектив дæр сæрбæрзонд адтæй сæ разамонæгæй – номдзуд ахургондæй, дæсни лекторæй, искурдиадæгин организаторæй.

Галазти Æхсарбег 1990 анзæй фæстæмæ куста паддзахадон хецаудзийнади республикон оргæнти. Адтæй СЦКП-й Цæгат Иристони обкоми фиццаг секретарь, уой фæсте 'й равзурстонцæ Цæгат Иристони АССР-и Сæйраг Совети Сæрдарæй. Адтæй СЦКП-й Центрон Комитети иуонг, фиццаг æма дуккаг равзурст Федераций Совети иуонг, УСФСР-и адæмон депутат.

Галази-фурт 1994 анзи январи æвзурст æрцудæй Республикæ Цæгат Иристони фиццаг Президентæй. Еци бунати бакуста 1998 анзи уæнгæ.

Æ райгурæн республики хæццæ Æхсарбег Хаджимурзи фурт рахизтæй берæ зиндзийнадтæ æма фæлварæнти сæрти, кæдзосзæрдæй куста Цæгат Иристони сæрбæлтау, еудадзугдæр сагъæс кодта республики федæнбæл.

Галази-фурти æскъуæлхтдзийнадтæн Фидибæстæ искодта устур кадæ, хуарзæнхæгонд адтæй Фæллойнадон Сурх Турусай æртæ орденемæй, лæвæрд ин æрцудæй берæ хуæрзеугутæ æма кадгин нæмттæ.

Галазти Æхсарбег Хаджимурзи фурти – æ адæми æцæг патриоти, курухон разамонæги, ахургæнæги, ахургонди, искурдиадæгин адæймаги рохс ном æностæмæ уодзæнæй нæ зæрдити, берæнацион Иристони историй.

***БАЙТИ Гаппо æ уац «Дзилли зеу»-и финста: «Еунæг Хуцаумæ ковгæй, байтаудзинан нæуæг хуари муггаг... Зад фæззæги нæ цæуæт æркæрддзæнæнцæ заргæ-семгæй еци хумæ, æнæнимæдзæ сугъзæрийнæ курестæй будур нæбал зиндзæнæй... Ирон зæрдæ цийнæ кæндзæнæй сæ уиндæй... Фагæ ’й хуссун, рахелетæ, раздзæуæг дзиллити царди унаффитæмæ ракæсетæ***



**БАЙТИ Гаппо (галеуæрдигæй дуккаг) Владикавкази сахайраг управи иуонгти хæццæ.**

**БАЙТИ Гаппо – Владикавкази сæргълæууæг.**

# Æ БЕРÆ ФÆЛЛÆНТТÆЙ ИРИСТОНÆН АДТÆЙ ФАРНÆХÆССÆГ

Байти Гаппо цæйбæрцæбæл агъазиау хъиамæттæ бакодта нæ национ культури, бæлвурдæй ба нæ литератури райрæзти сæрбæлтау, уомæн ци берæ æвдесæнтæ æрхæссæн ес, уонæй еу æй е дæр, æма уой фæрци 1900 анзи уагъд æрцудæй цалдæр иристойнаг финсæгей уадзимисти киунугæ, æ ном ба адтæй «Гæлæбо». Киунугæн æ «фæндарастгæнæг» дзубандий Гаппо уотæ фæрсуй: «Ка нин балæдæрун кæндзæнæй хуæздæр царди æгъдæуттæ? Нæ унгæг зæрдæ нин ка исрохс кæндзæнæй? Еуминкъий нин ка бахай кæндзæнæй дуйней зундæй? Нæ царди рохс ка уодзæнæй?..» Æма æ берæ фæрститæн æхуæдæг дæттуй цубур дзуапп: «Нæ ирон киунугæ...» Æма идарддæр: «Æгасцæуай, нæ хъазар æнгъæлмæкаст, нæ нæуæг царди уодæнцойнæ – нæ ирон киунугæ!..»

Аци киунуги кæрони мухургонд æрцудæй Гаппойæн æхе радзурд «Иуазæг» дæр, æма си е ирон киунугæ хонуй «царди федог», «сугъзæрийнæ гъæлæсæй фарнæхæссæг» ин æй: «Мæ сугъзæрийнæ гъæлæсæй, – зæгъуй ирон киунугæ – æз никкæндзæнæн нæ мæгур царди кæрæдзей уарзондзийнади зар!..»

Киунугæ «Гæлæбо»-й æдеугурæй ес цуппæрдæс уадзимиси: Къубалти Александри æмдзæвгитæ «Мадæ æма сувæллæнттæ», «Косер», «Цагъайраг», «Гъарæнгæ», Цæголти Геуæргий æмдзæвгæ «Мадæ ’ма лæхъуæн», Байти Гаппой æмдзæвгæ «Гæлæбо», æ радзурд «Иуазæг», æ тæлмацæй Крылови басня «Мулдзуг æма цъирцъирагæ», Хъайтмæзти Аслæмурзай тæлмацæй уруссаг поэт А. Пореций æмдзæвгæ «Биццеутæ æма дзубулдар», Тлаттати Хадзимæти æмдзæвгæ «Сувæллон», адæмон исфæлдистадæй – «Дзæбодур æма саг».

Къостай зæрдæмæ уойиасæбæл хъæбæр нæ бацудæнцæ киунуги мухургонд уадзимистæ, исхудта сæ «детский лепет», «галиматья», «дребедень», «чепуха ужаснейшая».

Къоста æма Гаппой ’хсæн рахастдзийнæдтæбæл дзоргæй, уой зæгъун гъæуй, æма ’й Къоста кæд еуæй-еу хатт дзæгъæли бафхуæридæ, уæддæр ибæл Гаппо æ зæрдæ некæд исæйййивта, æ рамæлæти бони уæнгæ дæр æй уарзта, æ искурдиадæн ин устур аргъ кодта. Къостайæй дæр æ маст феронх уидæ æма бабæй, куд раздæр, уотæ лимæнæй цардæнцæ. Уомæн тæккæ хуæздæр æвдесæн æй е дæр, æма Къоста æ уаци «Избави бог и нас от этаких судей» (газет «Казбек») куд федарæй рахуæстæй Гаппой фарс, исдзурдта æ сæрбæл, е ’хсæнадон архайд ин исхудта «бескорыстная, неустанная и благотворная деятельность».

Æма, мадта, циуавæр адæймаг адтæй, алкæд домагæ Къоста уотæ ке растудта, е ’хсæнадон-культурон архайдæн уæхæн бæрзонд аргъ кæмæн искодта, еци Гаппо, ци ин зонæн æ цард æма æ архайди туххæй?..

Аци фарстатæн, зæгъун æнгъезуй, аккаг æма лæмбунæг дзуапп фиццагидæр равардта Джусойти Нафи æ киунугæ «История осетинской литературы»-йи (1980). Гаппой культурон архайдæн рæстмæ аргъ искодта Джиккайти Шамил дæр æ киунуги «Осетинская литература». Краткий очерк»-и (1980).

Байти Уасили фурт Гаппо (Геуæрги) райгурдæй 1869 анзи (Редакцийæй: раст зæгъгæй, Калоти Геуæрги æ уаци уотæ финсуй, гъома, Гаппо райгурдæй 1870 анзи, аци анз æ райгурди анзбæл нимад ма цæуй кæцидæр æрмæгути дæр. Фал растдæр ба ’й 1869 анз, уотæ финст æй æ циртдзæвæнбæл дæр Ирон аргъауæни тургъи). Райгурдæй Иристони Ольгинскийи гъæуи зæнхкосæги хæдзари. 1894 анзи 24-анздзудæй каст фæцæй Новороссийски университети юридикон факультет. Уæдæй фæстæмæ куста Дзæуæгигъæуи. 1905 анзи æй равзурстонцæ Владикавкази сахайраг думи иуонгæй, 1911 анзæй 1917 анзи уæнгæ ба адтæй Владикавкази хецау.

Паддзах 1917 анзи Уæрæсей паддзах Николай II 1917 анзи Феврали революций рæстæги æ бунатæй гæлст ке ’рцудæй, е бæргæ хъæбæр æхцæуæн адтæй Гаппойæн. Фал революци идарддæр социализм аразуни надмæ ке раздахтæй, уомæй ба æгириддæр арази нæ адтæй. Уой туххæй 1920 анзи 12 сентябри газет «Нæуæг цард»-и уотæ финста: «Нæ революци раст надбæл нæ рацудæй. Æ мард фесæфа – æгæр æррæуигъта...» Æ зæрдæмæ нæ фæццудæнцæ зæронд цард фехалуни зæрдтæй революций æгæр «рарæуигъдтитæ».

Еци рæстæги хабæрттæ æма цаути фæдбæл газетти мухур кодта аллихузон уацтæ, фал си Советон хецауадæй лæгъузæй некæд неци загъта. Е нæ, фал ма æргомæй дзурдта Деникини уорсгвардион æфсади фудракæндтити нихмæ.

Фал паддзахи хецауади бæрнон бунæтти ке фæккуста, уой туххæй мæн дæр æвудæй ку бафхуæронцæ, зæгъгæ, æхецæн тарстæй, æма 1921 анзи феврали эмигранти хузи рандæй Германимæ. Куста Берлини университети доцентæй. Уоми фæццардæй æ рамæлæти бони уæнгæ.

Байти Гаппо ма цалинмæ Иристони цардæй, уæдмæ æ культурон-рохсадон архайд адтæй æ адæми пайдайæн. Хуæнхаг царди уавæр фæххуæздæр кæнуни сæйрагдæр мадзæлттæбæл нимадта уоми цæрæг дзиллæн се ’хсæн ахурдзийнадæ æма уодварнон културæ парахат кæнун æма æвæллайгæй дзоргæ дæр æма архайгæ дæр кодта еци куст ахедгæдæр кæнунбæл. Архайдта Иристони скъолати бæрцæ фулдæр кæнунбæл, сæ куст син гъæугæ хузи исæвæрунбæл: скъоладзаути гъæуама ахур кæнонцæ кустуарзон унбæл, æхцул сæ кæнонцæ фæллойнадон арæхстдзийнæдтæбæл, гъæуама си хуарз æвæрд уа маддæлон æвзаг ахур кæнуни гъуддаг, скъоладзаутæн фагæ уа хуарз ахургæнæн киунугутæ, ахур дæр сæ гъæуама кæнонцæ, еци куст ка уарзуй æма имæ хуарз ка арæхсуй, айдагъдæр уæхæн ахургæнгутæ. Еци домæнтæ хъæбæр ахсгиагæй гъæунцæ æма æгæрдæр ма исфедауиуонцæ нуриккон скъолати дæр.

Байти Гаппо гъуддагæй агъаз кодта ирон киунугæуадзæн «Ир»-и кустæн. Æма уой фæрци фæххуæздæр æй нæ маддæлон æвзагбæл киунугутæ уадзуни гъуддаг. Гаппой зæрдиаг архайди фæрци 1897 анзи фиццаг хатт мухури рацудæй Къубалти Александри поэмæ «Æфхæрдты Хæсанæ». 1899 анзи ба – Къостай ардхуæрæни киунугæ «Ирон фæндур». Аци киунугутæ ’нцæ сæрæвæрæн нæ ирон киунуги гъуддаги», – устур бозæй финста Гаппо.

Ирон æвзагбæл киунугутæ мухур кæнуни куст Гаппо зæрдиагæй идарддæр кодта. Æма ин минкъий нæ бантæстæй. Зæгъæн, 1900 анзи рауагъта нæ уæдиккон поэттæй цалдæрей уадзимисти æмбурдгонд «Гæлæбо», уæдта æмбурдгæндтæ «Ирон аргъæуттæ», «Ирон æмбесæндтæ» æма «Бацеу-бацеутæ», 1901 анзи – киунугæ «Фарн», раздзурд дæр ин æхуæдæг ниффинста, уотемæй.

Гаппой културон-рохсадон архайди ахсгиаг хайбæл нимайуйнаг е æй, æма æхуæдæг ке æмбурд кодта нæ адæмон исфæлдистадæ. Æхуæдæг сæ ратæлмац кодта уруссаг æвзагмæ æма сæ мухури рауагъта. Зæгъæн, сауæнгæ 1895 анзи газет «Северный Кавказ»– и æхе финст æма тæлмацгондæй ниммухур кодта адæмон уадзимис «Еунæги кадæнгæ», газет «Терские ведомости»-й ба «Æфхæрдты Хæсанæ», уой дæр æхуæдæг ратæлмац кодта, уотемæй. Нæ адæмон исфæлдистадæ Гаппо нимадта нæ национ аййев литератури ратæдзæн сауæдонæ æма æ ирæзти æведуйгæ къæбецбæл.

Байти Гаппо арæхстгинæй финста уацтæ ирон литератури фарстатæбæл. Сæрмагонд уацтæ ниффинста Хетæгкати Къостай, Къубалти Александри, Цæголти Геуæргий, Æмбалти Цоцкой туххæй.

Нæ республики сувæллæнтти киунугæдони директор Цомайти Тамарæ 1989 анзи Берлинæй æрбаласта Байти Гаппой уац «Хетæгкати Къоста. Æ цард æма æ гъуддæгутæ». Æрмæг мухури рацудæй газет «Рæстдзинад»-и 3 октябри æма журнал «Мах дуг»-и. Уац финст æрцудæй 1922 анзи Берлини. Автор си Къостай туххæй ракодта берæ цæмæдесаг хабæрттæ.

Къостай «Ирон фæндур»-æн фиццагидæр устур аргъ ка искодта, уонæй еу адтæй Гаппо. Худта ’й Къостай агъазиаудæр фæллойнæ, æ уоди кусти æнæмæлгæ имисуйнаг ирон ковæндонæ. Берæ байархайдта æ ниммухур кæнунбæл. Мæнæ уæлдæр ке кой искодтан, æ еци уаци Гаппо финста: «Туххæй бафтудæй 1897-1898 æнзти цензури комитетæй аразий дзурд райсун, тухамæлттæй æй ниммухур кодтан…» Фал цæттæ киунугæ хецауадæ уайтæккæ æрахæста, æма цæмæй рохс фæууина, уой туххæй ба Гаппой нæуæгæй багъудæй «устур тохи бацæун».

«Ирон фæндур» дуккаг хатт дæр мухури рауагъта Гаппо – Берлини 1922 анзи Гутнати Елбиздихъой типографий, раздзубанди дæр ин ниффинста æхуæдæг, Елбиздихъо ба ин загъта, «Фæндараст нæ райгурæн Иристонмæ!..»

Гаппо, æвæдзи, æхуæдæг дæр адтæй, 1889 анзи 16 августи, Пятигорски Лермонтовæн циртдзæвæн ку игон кодтонцæ, уæд уой фæдбæл арæзт цитгин мадзали дæр. Уотæ ку адтайдæ, уæд, Къостайæн уоми цæйбæрцæбæл кадæ кодтонцæ, уой туххæй кутемæй гъæуама ниффинстайдæ: «Рæбунæй бадæг æй искодтонцæ, æнæгъæнæ Уæрæсейæй ка ’рцудæй, еци финсæг адæм, зонунади дæснитæ æма хецæуттæ. Циртдзæвæни рази бакастæй рæсугъд кадæнгæ «Лермонтови циртдзæвæни рази». «Ирон цъæх цохъатæ нæ рамулдта!» – дзурдтонцæ урус. Уотæ дæр ма финста Гаппо æ уаци.

Байти Гаппо устур аргъ кодта уруссаг литератури классиктæн, уомæн хуарз æвдесæн æй, Александр Пушкини райгурди сæдæ анзей бонмæ ци устур уац «Пушкин в жизни горцев» ниффинста, е дæр. Еци рæстæги Къоста адтæй Херсонмæ æрвист, æма кадæгæнæг дзурди барæ æхемæ райста Байи-фурт, ниффинста сæрмагонд уац, ниммухур æй кодта юбилейи бони (1899 анзи 26 майи) газет «Казбек»-и.

Гаппо æ уаци лæмбунæг рартаста номдзуд поэти исфæлдистадæ æма ин искодта бæрзонд аргъ. Лæмбунæг ба раргом кодта, поэт æ дессаги уадзимисти раст ке исфæлгонц кодта хуæнхаг адæмти цард, се ’гъдæуттæ, сæ хуарз менеугутæ, сæ устур сæребарæуарзондзийнадæ, сæ дессаги æрдзæ. Пушкини уадзимистæ, хатдзæг кæнуй Гаппо, устур агъаз бакодтонцæ хуæнхаг адæмти интеллигенцийæн уруссаг адæми културæ фулдæр базонуни æма бауарзуни, адæмти кæрæдземæ бахæстæгдæр кæнуни устур гъуддаги.

Байи-фурт æ уаци зæрдибунæй дзурдтæ загъта, Къоста «предвестник желанной свободы» ке исхудта Кавкази адæмти цард аййев литератури равдесуни гъуддаги Пушкини традицитæ идарддæр ка æнхæст кодта æма хуæнхаг адæмтæ сæрустурæй «наш народный поэт» ке исхудтонцæ, еци номдзуд Лермонтови туххæй дæр.

Еумæ райсгæй уац «Пушкин в жизни горцев»-и бæрæг даруй, финст ке æй фæлтæрдгун профессионалон литературон къохæй, е. Байти Гаппо хуарз зудта хуæнхаг адæмти цард æма ’й е ’цæг хузи æвдиста æ публицистикон уацти.

Байти Гаппо æцæгæлон бæсти цæргæй дæр нæ иронх кодта нæ адæми културæ, финста уацтæ нæ национ финсгути цард æма исфæлдистади туххæй. Зæгъæн, немуцаг ахургæндтæй еуей хæццæ еумæ ниффинстонцæ уадзимис «Ирон финсæг Къубалти Александри героикон эпос» æма ’й 1934 анзи немуцаг æвзагбæл ниммухур кодтонцæ Берлини университети наукон æмбурдгæндти 37-аг рауагъди. Къостай туххæй ци уаци кой искодтан, уой дæр Гаппо ниффинста фæсарæнти уогæй. Секкаг нæй, æ архиви ма никкидæр ке разиндзæнæй æрмæг нæ национ култури туххæй, е.

Байти Гаппой културон-рохсадон архайдæй, нæ адæми цардиуагæбæл æ аллихузон публицистикон уадзимистæй, нæ финсгути туххæй ке ниффинста, еци уацтæй куд зиннуй, уотемæй Байти Гаппо адтæй æ дзамани устур ахургонд, публицист, экономист, нæ адæми култури зингæ архайæг.

***КАЛОТИ Геуæрги, доцент, филологон наукити кандидат.***

***(газет «Рæстдзинад», 1990 анзи 5 июли).***

**Дæс æма инсæй анзей размæ (1994 анзи 24 октябри) Дзæуæгигъæуи Кади Аллейи игонгонд æрцудæй, 1992 анзи æверхъау цаути рæстæг Цæгат Иристони сæрбæлтау тохи ка фæммард æй, уони номерæнæн мемориалон комплекс.**

# «АЦИ КИУНУГÆЙ ФЕДАР БУНДОР ИСАМАДТА КЪОСТА ИРОН ЛИТЕРАТУРÆН!..»

***Хетæгкати Къостай æма Байти Гаппой рахастдзийнæдтæ берæ рæстæгути æвдист цудæнцæ се 'хсæн нихмæлæуди хузæн, кадæртæ ба Гаппой Къостайæн знаггадæгæнæгæй дæр ма исаразтонцæ. Ка 'й зонуй, уæхæн цæстингæсæн «агъазгæнæг» фæцæй, Къоста кæддæр Гаппомæ ци тингун финстæг ниффинста, е дæр. Уæ зæрдæбæл уин æй æрлæууун кæндзинан.***

## «ДЗОРУН, МÆ МАСТ ТУХХÆЙТИ УОРАМГÆЙ...»

**Байти Гаппомæ**
**1899 анзи 19 июль**

Кæсай, Гаппо, дæумæ, ка 'й зонуй, æма е хуæрз минкъий гъуддаг кæсуй, фал уомæй ду, нæ дууей 'хсæн ци хуарз рахаст ес, уой фехалдзæнæ. Æз дин еу хатт æма дууæ хатти нæ загътон зæрдиагæй, цæмæй, ме 'мдзæвгитæ мухури уадзгæй, мæ къохфинститæ æгириддæр маци хузи æййевай, куд æнцæ, раст сæ уотемæй уадзай, сауæнгæ сæ орфографий уæнгæ дæр.

Æз ескæци дзурд ку фæффинсун, уæд æй æндæр хузи нæ, фал уотæ фæффинсун зонгæ-зонун, æз ибæл мæ сæр берæ фæххуастон, æма барæ нæ дæттун нæдæр дæуæн, нæдæр æндæр ескæмæн ме 'вастæй уони æндæрхузæнттæ кæнунæн, уæлдайдæр ба æмдзæвгитæ, еунæг мур дæр уæлдай кенæ гъæуагæ кæми ма уа, уæдта алли дамугъа дæр автори иснисангонд бунати кæми æвæрд ес, уоми. Æмдзæвгæ газети уадзимис нæй, еу ескæци тæрсагæ æма нецилæдæрагæ редактор, куд æй бафæндæуа, уотæ ке нихххæнхитæ кæнуй.

Æз дин лигъстæ кодтон, цæмæй мин киунугæ рауадзуни размæ фæууинун кодтайсæ фæстаг корректурæ. Ду уой нæ бакодтай, уогæ зингæнæн дæр адтæй. Фал мæ курдиадæ – къохфинст куддæриддæр æй, раст æй уотæ ниуудзун, – уой гъæуама исæнхæст кодтайсæ, æма æз ку зудтайнæ, мæ орфографи мин уотæ æнæфсæрмæй исæндæрхузæнттæ кæндзæнæ æма еуæйеу дзурдтæ ба æндæр дзурдтæй раййевдзæнæ, уой, уæд, ард дин хуæрун, мæ къохфинст дæумæ раттунбæл неци хузи исарази адтайнæ... Мæ киунугæ райсунмæ æз æнгъæлмæ кастæн хъæбæр цийнæгæнгæй, фал мин ду еци цийнæ фенадæ кодтай. Нуртæккæ дæр ма мин фадуат ку уидæ, уæд æрæмбурд кæнинæ киунуги еугур экземплиартæ дæр æма, сæ фæд дæр куд некæмибал байзайа, уотæ сæ басодзинæ.

Æз куд финсун, е раст ке æй, уобæл дзорун мæ бон æй алкæддæр, æма дæуæн дæр æма, мæ орфографибæл арази ка нæй, уонæн сæ еугуремæн дæр æнгъизтæй мæ орфографий ме 'вастæй æййевуни размæ мæн бауæндун кæнун, ду куд финсис, уотæ æнæмæнгæ раст æй, е. Æз ба дæу, бахатир кæнæ, фал ирон æвзаги æгъдауæй нæ нимайун нæдæр Пушкинбæл, нæдæр Гротбæл. Уомæ гæсгæ мæмæ аци рауæн дæ миуæ фудракæнди хузæн кæсуй юридикон æгъдауæй дæр æма æфсарми æгъдауæй дæр, адæймаг дзуапп ке тухæй фæддæттуй, уæхæн, æма кæд мæнæн мæ зæрдæ нæ комуй дæуæн уотæ бакæнун, уæд е æй, нуриуæнгæ нæ кæрæдземæ ци хуарз зæрдæ дардтан, айдагъдæр уой фæрци, æндæра мин ду æцæгæлон адæймаг ку уисæ, уæд æз алцидæр бакодтайнæ, цæмæй ду киунугæ нæуæгæй рауагътайсæ, уой тухæй.

Уони дин æз дзорун зæрдиагæй, мæ маст тухххæйти уорамгæй. Æз мæ дзурдтæй базар некæд кодтон, мæ финститæй еу рæнгъæн дæр æхца некæд некæмæй райстон. Æма фингæ дæр, финсон æма мухур кæнон, зæгъгæ, уæхæн зундæй нæ кæнун, берæ кадæртæ куд кæнунцæ, уотæ. – Нæ! Уæхæн финстæн мæ æ кадæ дæр нæ гъæуй æма æ пайда дæр...

Æз финсун уой, æма мæ рист зæрди мæ бон уорамун ке нæбал фæффæразун, æма кæд æз, мæ «хæлæрттæ» мæ ку нæбал фæуурадзунцæ, уæд сæ коммæ бакæсун æма син сæ евгед бакæнун мæ еци сагъæстæ, уæд уонæй дæр домун, цæмæй кæд сæ лæдæргæ нæ кæнунцæ, мæ гъудитæбæл æма мæ зæрди рахастбæл нæ арази кæнунцæ, уæддæр сæ æз куд ниффинстон, уомæ гъæуама кæсонцæ ездон, кадæ кæнуни цæстингасæй, ма сæ æййевонцæ сæхемæ гæсгæ æма сæ уотемæй ма 'вдесонцæ, цума мæ уадзимистæ æнцæ, уотæ.

Æз газеттæмæ ци статьятæ ниффинсун, сауæнгæ мин уони ку фендæрхузæнттæ кæнунцæ, уæддæр фурмæстæй гъæлай хузæн ку исун, уой тухххæй æз гæвзукмæ æрцудтæн, газет «Северный Кавказ»-и хæццæ мæхе исбæтгæй æма 'й 11 майи фæсте бустæгидæр ниууадзгæй... Дæ геппи уагъд киунуги ме 'мдзæвгитæй, æгириддæр æвнæлд кæмæ не 'рцудæй, уæхæнттæ байзадæй айдагъдæр «Тæхуды», «Рувас æмæ зыгъарæг» æма «Зымæг». Зонæ, цæйбæрцæ дæбæл æууæндтæн, уомæн æ 99% ке фесафтай, фал, ка 'й зонуй, муггагмæ нæ, æндæр ба бустæги лæгъуз уидæ. Бангъæлмæ кæсдзинан.

*Къоста*

* * *

***Калоти Геуæрги Гаппой тухххæй æ уаци куд зæгъуй, уотемæй Къоста кæд æма хаттæй-хатт бустæги æнæбунати истингун уидæ Гаппомæ, мæстæйдзаг уайдзæфтæ ин ракæнидæ, уæддæр ибæл Гаппой зæрдæ æгириддæр некæд фæххудтæй, лæдæрдтæй ин æ зæрдихатт. Еци зæрдихатт ба уæхæн адтæй, æма цийфæнди зæрдихудтити фæсте дæр Къоста уæддæр некæд фехалдта æ лимæндзийнадæ Гаппой хæццæ. Гаппо ба ибæл алкæддæр адтæй æновуд, ауодудта ибæл, тухстæй æ зиндзийнæдтæй, цийнæ ин кодта æ лæгдзийнæдтæбæл. Уомæн æвдесæн мæнæ абони ке мухур кæнæн, еци дууæ уаци. Куд нимад цæуй, уотемæй сæ ниффинста Гаппо.***

## «ИРОН ФÆНДУР» РАЦУДÆЙ

Еу бон, тухст сахатти пеллон зингау бабæй æ цæститæ иссугъдæнцæ!.. Барохс æй æ бæгъатæр унгæг зæрдæ...

Æнгон æхгæд сау арвæй имæ хори тунæ æ уарзон Иристонæй æрбакастæй...

Æ рази лæудтæй, цæхæртæ калгæ, æ кади туруса, ирон киунугæ: «Къоста. Ирон фæндур». Æ уоди кусти æнæмæлгæ нисайнаг, ирон ковæндони.

Дзæгъæлæй изадæнцæ иристойнæгтæн сæ хуæнхтæ гъæунги неуæг седзæри хузæн!.. Гъист зæрдихалæн сагъæс.

*Уæ, нæ хæхтæ, нæ бæстæ,*
*Куыд ма цæрæм уæ фæстæ!..**

(* – Мамсурати Темурболати дзурдтæ)

Къоста ниллæудтæй Ири астæу раст лæгæн æма загъта муггагæй-муггагмæ сагъæссаг дзурдтæ, фарни дзубандитæ æ сугъзæрийнæ киунуги:

«Ныууадзут, Ир, хæлды ныхæстæ – чырыстон-пысылмон, Тега-Куырттa, æлдаркæвдæсард, чысайнаг-туайлаг, дыгуронкъуыдарон...»

1895 анзи райгъустæй æнæгъæнæ Иристонбæл æ дессаги зар:

*Цæйут, æфсымæртау*
*Радтæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ,*
*Иры лæппутæ!..*
*Скæнæм нæ тырыса*
*Дзыллæйы номæй,*
*Рухсмæ æнæзивæг*
*Цомут æнгомæй!..*

Райгъал кодта мæрдхустæй аци киунугæ æнæгъæнæ Иристон, уомæн æма дзилли зæрди уедæгттæмæ багъардтонцæ е 'гæрон сагъæси кæуни æма дзилли сагъæси дзурдтæ!..

Аци киунугæй федар бундор исамадта Къоста ирон литературæн.

Устур æхсари уарт равардта ирон финсæгæн...

Культурон дзиллити астæумæ ирон адæми бакодта.

## НÆ ЕУНÆГИ КÆРОН

Мæгур æфхуæрд лæгæн æ гъастæн, раст лæгæн æ мастæн æрцудæй сагъæссаг кæрон...

Нæуæгбони бони 1900 анзи Къостабæл Кавкази сæрдарæй тел исæмбалдæй: Каханови гъаст мæнгæ разиндтæй, иссæребарæ дæ!..

1900 анзи мартъий тухамæлттæй ма исхаста е 'стæгдар Гуммæ... Нæбал æй базудтан. Сау мегъæ æрæхгæдта æ рæсугъд цæститi зинг... Æгомуг адтæй сугъзæрийнæ гъæлæс... Уæззау, тухст зæрдæ хурфи никкалдæй!..

Фуднези нисантæ бæрæг адтæнцæ. Æ зунд æхе барæ нæбал адтæй. Æхуæдæг æй, мæгур, нæ лæдæрдтæй...

Цæбæлдæрти ма бæргæ архайун райдæдта. Æ зæнхæ Лаби æрбауæйæ кодта, Дзæуæгигъæуи Ирыгъæуи зæнхæ ралхæдта, хæдзарæ уоми исамадта; тургъæй зиндтæнцæ нæ хуæнхтæ æма будуртæ...

«Ку мæлон, уæд сæмæ ардигæй салам æрветдзæнæн!..» – дзурдта ходгæй...

Нез æ сосæг сау куст кодта. Еу бон лæг æрхаудтæй, æ хъауритæ расастæнцæ. 1903 анзи 'й æ хуæрæ Ольгæ фæлласта сæ хæдзарæмæ Лабæмæ... Хуссæнæй нæбал раистадæй...

Сæйгæфæрсæг адæмæн дзурдта айдагъдæр дууæ загъди: «Ме 'нсувæртæ, кæрæдзей уарзгæй цæретæ!..»

19 мартъий 1906 анзи Иристонбæл исæмбалдæй цубур сау уац: «Къоста рамардæй. Ольгæ». Æ мард ин исластонцæ Дзæуæгигъæумæ æма 'й уоми Ирон аргъауæни тургъи банигæдтонцæ... Мардæн устур æгъдау равардтонцæ алли дзиллитæ... Кади дедентгутæй ингæн нæбал зиндтæй...

Беретæ рæсугъд дзубандитæ загътонцæ æ цардбæл æма æ гъуддæгутæбæл. Бакастæй дессаги гъарæнгæ уруссагау поэт Цæголти Геуæрги, иронау – Кадати биццеу. Ерастийæй исæрвиста сау додгæ гъарæнгæ поэт Гурдзибети Блашка.

Рахæлеу æнцæ адæмтæ...

Содзаггаг марди сæрмæ хуастонцæ сæ реу Иристони мадтæлтæ, бундзарæй тудтонцæ сæ сæри гъунтæ. Æдзард седзæр Еунæги гъарæнгæ кодтонцæ...

Рохсаг уо, нæ Хорзæрийнæ!..

*Тбау УАЦИЛЛАТИ,*
*1922 анз, Берлин.*



БАЙТИ Гаппо (галеуæрдигæй фиццаг) æма Къоста иуазæгуати Цæликкатæмæ.

**Цийфæнди «нæлæдæрундзийнæдтæ» кæд рауайидæ се 'хсæн, уæддæр Къоста æма Гаппойæн се 'рдхуарддзийнадæ федар адтæй. Ахид сæ рæстæг æрветиуонцæ еумæ. Мадта Байти Гаппо Берлини ци уæлмæрдти æвæрд адтæй, уордигæй ин æ мард (1995 анзи 12 апърели) Дзæуæгигъæумæ ку 'рбаластонцæ, уæд æй байвардтонцæ Ирон аргъауæни тургъи Къостай рази. Гъе уотемæй сæ фæсмæрдæ дæр æностæмæ исæнвæрстæ 'нцæ дууæ æрдхуарди, нæ дууæ номдзуд лæги. Рохсаг уæнтæ… Нæ Исфæлдесæг син дзенети удæнцойнæдæр рауæн исаккаг кæнæд…**



☺ *Весь день искал дома сосиски, но так и не нашел. И не мог понять, куда же делись. А посмотрев на довольное лицо тестя, понял: сосиски в тесте.*

☺ *Сегодня приснилось, что мой муж храпит… Утром просыпаюсь: да нет, все нормально… Просто забыла, что я вообще-то не замужем.*

☺ *Разговаривают две подруги.*
*– Парни любят красивых и недоступных.*
*– Ага, щас пойду накрашусь и запрусь в сейф.*

## РАСТ КОСУН ÆМА ЦÆРУН КА НÆ ЗОНУЙ, Е Æ КАРНИ БÆНТТÆ ЦУБУРДÆР КÆНУЙ!..



# ЦÆЙБÆРЦÆБÆЛ МÆТÆГÆНАГÆ ДÆ?

Цæмæй уой базонайтæ, уой туххæй, мæнæ идарддæр ци фарстатæ мухур кæнæн, уонæн дзуæппитæ раттетæ æртæ хуземæй еуемæй: 1) Ахид. 2) Æстæн хатт. 3) Некæд.

**1.** Царди нисан ци 'й, уой нæбал хатис, уæхæн гъуди дæмæ некæд æрцæуй?

**2.** Æхсæнадæй еуварсгонд дæ, зæгъгæ, уотæ дæхе нæ фæннимайис?

**3.** Еуварсæй дæ миутæмæ æркæсун дин зин æй?

**4.** Фæстаг рæстæгути дин дæ зæрдæ цидæр гъенцъунтæ нæ хиц-хиц кæнунцæ?

**5.** Ахид тингун кæнис?

**6.** Еунæгадæ дæ ахид хъор кæнуй?

**7.** Дæхуæдæг дæхе зæрдæмæ дæр нæбал фæццæуис, уæхæн рæстæгутæ дæбæл ахид æркæнуй?

**8.** Дæ зонгитæ æма æмбæлттæ дæ ку растаунцæ, уæд дин ести æхцæуæндзийнадæ æрхæссуй?

**9.** Ескæмæн ести нæуæг хуарздзийнадæ ракæнун дæ бон ке нæбал æй, е дæ тухсун кæнуй?

**10.** Дæ алфамбулай адæм дин устур аргъ кæнунцæ, зæгъгæ, дæмæ уотæ фæккæсуй?

**11.** Хæстæггæнæг рахастдзийнæдтæ æма æууæнкгун рахастдзийнæдтæ уæлæмæдæр æма дæлæмæдæр уотид фæлдемæндзийнадæ 'нцæ, зæгъгæ, ка радзоруй, етæ дæмæ раст кæсунцæ?

**12.** Хецæн адæймæгутæй исгъигæ уис?

**13.** Дуйне дæр дæ нæбал фендавуй, уæхæн бæнттæ дæбæл ахид искæнуй?

**14.** Дæхе еуетæй дæр æма иннетæй дæр нæ нимайис, уæхæн рæстæгутæ дæбæл фæуууй?

**15.** Æхсæнадæй дæхе тиллеф кæнис, дæ алфамбулай ка 'й, уонæй дæхе еуварс дарис?

**ÆВÆРЕТÆ:**

Аци фарстатæн ци дзуапп раттай, уомæ гæсгæ банимайæ дæхецæн:

Дзуапп «ахид»– 3 балли.
Дзуапп «æстæнхатт» – 2 балли.
Дзуапп «некæд» – 1 балл.

Æма ци баллтæ дæмæ æрæмбурд æй, уонæмæ гæсгæ хатдзæгтæ уодзæнæнцæ:

**45-31 балли.** Æнæнцойнæ зæрди хецау дæ. Дæ медуод гъезæмарæ кæнис. Цардæй нæ дæ арази. Балæдæрæ, алцæмæй æнхæст адæймæгутæ нæййес. Дæхецæй æгæр берæ домæнтæ ма домæ.

**30-31 балли.** Æгæр хæстæг есис дæ зæрдæмæ, дæ алливарс ци цаутæ цæуй, уони. Етæ уой аккаг нæ 'нцæ. Алци дæхемæ ма есæ.

**20-15 балли.** Маст дæхемæ есагæ нæ дæ, уæдта ма уоййасæбæл мæтæгæнагæ дæр нæ дæ. Æвæдзи, ратасæ-батасæ кæнагæ дæр нæ дæ. Нæ дæ тæрсагæ дæр.

## ЦИЙФÆНДИ ХАБАР ДÆР РАГАЦАУ БАЗОНУН ХУÆЗДÆР ÆЙ...

# УÆРÆСЕЙ ФÆЛЛАДУАДЗÆН БÆНТТÆ 2025 АНЗИ

**Январь**

| ПН | ВТ | СР | ЧТ | ПТ | СБ | ВС |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
| 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 |
| 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 |
| 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 | 26 |
| 27 | 28 | 29 | 30 | 31 | | |

**Февраль**

| ПН | ВТ | СР | ЧТ | ПТ | СБ | ВС |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | 1 | 2 |
| 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 |
| 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 |
| 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 |
| 24 | 25 | 26 | 27 | 28 | | |

**Март**

| ПН | ВТ | СР | ЧТ | ПТ | СБ | ВС |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | 1 | 2 |
| 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 |
| 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 |
| 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 |
| 24 | 25 | 26 | 27 | 28 | 29 | 30 |
| 31 | | | | | | |

**Апрель**

| ПН | ВТ | СР | ЧТ | ПТ | СБ | ВС |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 |
| 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 |
| 21 | 22 | 23 | 24 | 25 | 26 | 27 |
| 28 | 29 | 30 | | | | |

**Май**

| ПН | ВТ | СР | ЧТ | ПТ | СБ | ВС |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | 1 | 2 | 3 | 4 |
| 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 |
| 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 |
| 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
| 26 | 27 | 28 | 29 | 30 | 31 | |

**Июнь**

| ПН | ВТ | СР | ЧТ | ПТ | СБ | ВС |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | 1 |
| 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 |
| 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 |
| 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 |
| 23 | 24 | 25 | 26 | 27 | 28 | 29 |
| 30 | | | | | | |

**Июль**

| ПН | ВТ | СР | ЧТ | ПТ | СБ | ВС |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 |
| 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 |
| 21 | 22 | 23 | 24 | 25 | 26 | 27 |
| 28 | 29 | 30 | 31 | | | |

**Август**

| ПН | ВТ | СР | ЧТ | ПТ | СБ | ВС |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | 1 | 2 | 3 |
| 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 |
| 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 |
| 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 |
| 25 | 26 | 27 | 28 | 29 | 30 | 31 |

**Сентябрь**

| ПН | ВТ | СР | ЧТ | ПТ | СБ | ВС |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 |
| 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 |
| 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 |
| 22 | 23 | 24 | 25 | 26 | 27 | 28 |
| 29 | 30 | | | | | |

**Октябрь**

| ПН | ВТ | СР | ЧТ | ПТ | СБ | ВС |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
| 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 |
| 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 |
| 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 | 26 |
| 27 | 28 | 29 | 30 | 31 | | |

**Ноябрь**

| ПН | ВТ | СР | ЧТ | ПТ | СБ | ВС |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | 1 | 2 |
| 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 |
| 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 |
| 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 |
| 24 | 25 | 26 | 27 | 28 | 29 | 30 |

**Декабрь**

| ПН | ВТ | СР | ЧТ | ПТ | СБ | ВС |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 |
| 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 |
| 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 |
| 22 | 23 | 24 | 25 | 26 | 27 | 28 |
| 29 | 30 | 31 | | | | |

Нæ газеткæсгути курдиадæмæ гæсгæ абони мухур кæнæн, Уæрæсей хецауадæ нæуæг, 2025 анзи, нæ бæсти фæлладуадзæн бæнтти ци номхигъд исфедар кодта, уой. Идайгæ ба еци бæнттæ ракæндзæнæнцæ аци анзи 29 декабри – гъеуæд райдайдзæнæнцæ нæ бæсти цæргутæн сæ нæуæганзон фæлладуадзæн бæнттæ æма рахæсдзæнæнцæ 11 бони, 2025 анзи 9 январи уæнгæ. Уой фæсте косгæ бæнттæ уодзæнæнцæ æдегурæй дууæ, уæдта бабæй – нæуæгæй уодзæнæнцæ фæлладуадзæн бæнттæ къæлиндармæ гæсгæ.

Даргъ уолæфæнбæнттæ уодзæнæй маййи мæйи дæр – 8 бони, цубур æртæбонон фæууорæди хæццæ. Цуппар бони ба уолæфдзинан июни мæйи, Уæрæсей Бон бæрæггонд ке цæудзæнæй, уомæ гæсгæ. Мадта 2026 анзи нæуæганзон фæлладуадзæн бæнттæ ба райдайдзæнæнцæ 31 декабри. Аци мæйи фæстаг бон, фæлладуадзæн бæнттæ рахæссæ-бахæссæнтæ кæнунмæ гæсгæ æргомæй иссæй уолæфæнбон.

## РАСАГЪÆС КÆНАЙТÆ!..



**Фарстатæн се 'мбесæй фулдæребæл раст дзуæппитæ ку раттай, уæд е уой æвдесæн æй, æма дæ зундгиндзийнадæ цæйбæрцæбæл бæрзонддæр æй.**

**1. Библий таурæхътæмæ гæсгæ, еугурдуйнеуон донивулди рæстæг Хуцау бафæдзахста Ноййæн, Зæнхæбæл фиццаг фæззиннæг адæймаг Адами комкоммæ байзæдтагæн, цæмæй наухæ исараза æма си бакæна æ хеуæнтти æма цæрæгойти алли хузтæй дæр дугæйттæ. Донивулд ку фæцæй æма еци науи бадгутæ сорзæнхæмæ ку бахъæрттæнцæ, уæд Ной фиццагидæр циуавæр цъеу рауагъта науæй?**

а) Сунт. б) Бæлæу. в) Гъæдкъуæр.

**2. Европи рагон дзаманти ци тугъдтитæ 'рцудæй, уонæй фиццаг хатт кæцими испайда кодтонцæ къохидаргæ зингæхсæн тохæнгарзæй?**

а) Босфори рази. б) Чериньоли рази. в) Мариньяной рази.

**3. Нигулæн Африки паддзахæдтæй еуеми – Мавританий – киндзæхсæвæри æгъдæуттæмæ гæсгæ, цæмæй кизгæ фæккурд уа, уой туххæй гъæуама уа…**

а) Фудхуз. б) Хуæрзхуз. в) Бæрзонд.

**4. Уруссаг загъд «Попасть впросак» кæмæ гæсгæ фæззиндтæй, еци бæттæнтæ æма рæвæйнитæ кæнуни тæрхæ рагон дзаманти Уæрæсей куд худтонцæ?**

а) Æлвесæн. б) Нивæндæн. в) Æздохæн.

**5. Æ уæзи еу нимæдзæмæ гæсгæ нимайгæй, пилæй сæдæ хатти фулдæр ка бахуæруй хуæруйнæгтæ, еци маргъ куд хуннуй?**

а) Колибри. б) Страус. в) Гриф.

**6. Теленивæ «Семнадцать мгновений весны»-йи æвдист цаутæ ци рæстæги æрцудæнцæ, уомæй берæ фæстæдæр (1960 анзи) финст ка æрцудæй, еци зар си ка заруй?**

а) Фрэнк Синатра. б) Эдит Пиаф. в) Шарль Азнавур.

* * *

**Нур ба раст дзуæппитæ нæ газети раздæри номери мухургонд фарстатæн.**

**№37**

1. «Дженни». 2. «Догъ кæнуни хуæдтолгæ». 3. Карел Чапек. 4. Сирниккин. 5. Конка. 6. 1861 анзи. 7. Нильс Бор. 8. Пассажирти хуæруйнæгтæй хинцун. 9. Японий.

**№38**

«Сидзæргæс», «Æнæ хай», «Катай», «Салдат», «Додой», «Æхсины лæг», «Æнæ фыййау», «Ракæс!», «Хæрзбон», «Фатимæ».

Дигорæ
**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **650**. Заказ **№ 2260**.
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 18.10.2024.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 18.10.2024.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ авторттæ.**